

# *Bon Nouvèl*




**Las Buenas Noticias**



Sou szièm moua grosès Elizabèt la, Bondié voyé zanj Gabriyèl nan you vil nan péyi Galilé yo rélé Nazarèt. Bondié té voyé-l kay you jinnfi ki té fiansé ak you nonm yo rélé Jozèf. Jozèf sa-a, sé té moun ras David. Yo té rélé jinnfi-a Mari. Zanj lan antré lakay Mari, li di li: –Bonjou, Mari, ou minm ki résévoua anpil favè. Mèt la avèk ou. Lè Mari tandé paròl sa yo, tèt li té boulvèsé, li tap mandé nan kè-l kisa bonjou sa-a té vlé di. Min, zanj lan di li: –Pa pè, Mari. Ou jouinn favè nan min Bondié. Ou pral vi-ansint, ou va fè you pitit gason. Oua rélé-l Jézi. Lap vi-n you grannèg, ya rélé li Pitit Bondié ki anro nan sièl la. Mèt la, Bondié nou, va fè-l roua tankou David, gran granpapa li. La gouvènin pèp Izrayèl la pou tout tan, gouvènman-l lan pap janm fini. Mari di li: –Min mouin, sé sèvant Mèt la mouin yé. Mouin souaté pou sa rivé-m jan ou di-a. Epi zanj lan kité li. (Lik 1.26-33 & 38)

\*\*\*\*\*

Al sexto mes el ángel Gabriel fue enviado por Dios a una ciudad de Galilea, llamada Nazaret, a una virgen desposada con un varón que se llamaba José, de la casa de David; y el nombre de la virgen era María. Y entrando el ángel en donde ella estaba, dijo: ¡Salve, muy favorecida! El Señor es contigo; bendita tú entre las mujeres. Mas ella, cuando le vio, se turbó por sus palabras, y pensaba qué salutación sería esta. Entonces el ángel le dijo: María, no temas, porque has hallado gracia delante de Dios. Y ahora, concebirás en tu vientre, y darás a luz un hijo, y llamarás su nombre JESÚS. Este será grande, y será llamado Hijo del Altísimo; y el Señor Dios le dará el trono de David su padre; y reinará sobre la casa de Jacob para siempre, y su reino no tendrá fin. Entonces María dijo: He aquí la sierva del Señor; hágase conmigo conforme a tu palabra. Y el ángel se fue de su presencia. (Lucas 1:26-33 & 38)




Jozèf té rété nan péyi Galilé, nan you bouk yo rélé Nazarèt. Min, paské li té moun nan fanmi ak ras David, li mouté, l-alé nan Jidé, nan lavil David yo rélé Bétlèyèm lan. Jozèf tapral fè yo pran non-l ansanm ak non Mari, fiansé li, ki té ansint. Antan yo té la, jou pou Mari té akouché-a rivé. Li fè premié pitit li-a, you ti gason. Mari vlopé pitit la nan kouchèt, li mété-l kouché nan you kay koté yo bay bèt manjé, paské pat gin plas pou yo nan lotèl la.

(Lik 2:4-7)

\*\*\*\*\*

Y José subió de Galilea, de la ciudad de Nazaret, a Judea, a la ciudad de David, que se llama Belén, por cuanto era de la casa y familia de David; para ser empadronado con María su mujer, desposada con él, la cual estaba encinta. Y aconteció que estando ellos allí, se cumplieron los días de su alumbramiento. Y dio a luz a su hijo primogénito, y lo envolvió en pañales, y lo acostó en un pesebre, porque no había lugar para ellos en el mesón.

(Lucas 2:4-7)



Nan minm zòn sa-a, té gin gadò mouton  
ki tap pasé nouit la déyò ap véyé mouton yo.

Lè sa-a, you zanj Bondié parèt dévan yo,  
bèl limiè Bondié-a kléré tout koté yo té yé-a.

Yo té pè anpil. Min zanj lan di yo konsa: – Pa pè.

Nap anonsé nou you bon nouvèl ki pral fè tout pèp la kontan anpil. Jòdi-a, nan lavil David la,  
nou gin you Sovè ki fink fèt: sé Kris la, Ségnè-a. Min rémak ki va fè nou rékonèt li: na jouinn  
you tibébé vlopé nan kouchèt, kouché nan you kay koté yo bay bèt manjé. Minm lè-a, you foul  
lòt zanj nan sièl la vi-n jouinn zanj lan; yo tap fè louanj Bondié, yo tap di konsa: –Louanj pou  
Bondié anro nan sièl la, kè pozé sou latè pou tout moun li rinmin. (Lik 2.8-14)

\*\*\*\*\*

Había pastores en la misma región, que velaban y guardaban las vigiliyas de la noche sobre su rebaño. Y he aquí, se les presentó un ángel del Señor, y la gloria del Señor los rodeó de resplandor; y tuvieron gran temor. Pero el ángel les dijo: No temáis; porque he aquí os doy nuevas de gran gozo, que será para todo el pueblo: que os ha nacido hoy en la ciudad de David, un Salvador, que es CRISTO el Señor. Esto os servirá de señal: Hallaréis al niño envuelto en pañales, acostado en un pesebre. Y repentinamente apareció con el ángel una multitud de las huestes celestiales, que alababan a Dios, y decían: ¡Gloria a Dios en las alturas, y en la tierra paz, buena voluntad para con los hombres!

(Lucas 2:8-14)



Pitit la minm tap grandi, li tap dévlopé. Li té gin kont léspri-l, épi favè Bondié té avèk li. (Lik 2.40)

\*\*\*\*\*

Y el niño crecía y se fortalecía, y se llenaba de sabiduría; y la gracia de Dios era sobre él. (Lucas 2:40)



Sé konsa Jan té parèt nan dézè-a, li tap batizé, li tap maché bay mésaj sa-a: – Tounin vi-n jouinn Bondié. Vi-n résévoua batèm, épi Bondié va padonin péché nou yo. Tout moun nan péyi Jidé-a ansanm ak tout pèp lavil Jérizalèm lan té vi-n jouinn li: yo té konfèsé péché yo dévan tout moun, épi Jan té batizé yo nan lariviè Joudin an. Jan té mété you rad poual chamo sou li, ak you sintiron an po maré nan rin li. Sé krikèt ak gato mièl li té jouinn nan boua li té manjé. Li tap maché bay mésaj sa-a: – Moun kap vi-n apré-m lan gin plis pouvoua anpil pasé-m. Mouin pa bon asé pou-m ta bésé démaré sapat ki nan pié li. Mouin minm, mouin batizé nou nan dlo. Min li minm, la batizé nou nan Sintéspri-a. Minm épòk sa-a, Jézi té soti Nazarèt, you bouk nan péyi Galilé. Lè sa-a, Jan té batizé-l nan lariviè Joudin an. Antan Jézi tap soti nan dlo-a, li ouè sièl la louvri, épi Léspri Bondié-a désann sou li an fòm you pijon. Li tandé you voua ki soti nan sièl la ki di: – Ou sé pitit mouin rinmin anpil la. Ou fè kè-m kontan anpil.

(Mak 1:4-11)

\*\*\*\*\*

Bautizaba Juan en el desierto, y predicaba el bautismo de arrepentimiento para perdón de pecados. Y salían a él toda la provincia de Judea, y todos los de Jerusalén; y eran bautizados por él en el río Jordán, confesando sus pecados. Y Juan estaba vestido de pelo de camello, y tenía un cinto de cuero alrededor de sus lomos; y comía langostas y miel silvestre. Y predicaba, diciendo: Viene tras mí el que es más poderoso que yo, a quien no soy digno de desatar encorvado la correa de su calzado. Yo a la verdad os he bautizado con agua; pero él os bautizará con Espíritu Santo. Aconteció en aquellos días, que Jesús vino de Nazaret de Galilea, y fue bautizado por Juan en el Jordán. Y luego, cuando subía del agua, vio abrirse los cielos, y al Espíritu como paloma que descendía sobre él. Y vino una voz de los cielos que decía: Tú eres mi Hijo amado; en ti tengo complacencia.

(Marcos 1:4-11)



Apré sa, li mouté sou you ti mòn. Li rélé moun li té bézouin yo. Yo vi-n jouinn li. Li chouazi douz nan yo pou maché ak li. Li rélé yo apòt, épi li voyé yo maché bay mèsaj la. Li té ba yo pouvoua pou chasé mouvé léspri.

(Mak 3.13-15)

\*\*\*\*\*

Después subió al monte, y llamó a sí a los que él quiso; y vinieron a él. Y estableció a doce, para que estuviesen con él, y para enviarlos a predicar, y que tuviesen autoridad para sanar enfermedades y para echar fuera demonios ...

(Marcos 3:13-15)



Té gin you nonm yo té rélé Nikodèm ki té fè pati group farizyin yo. Sé té youn nan chèf jouif yo. You jou lannouit, li vi-n bò kot Jézi, li di-l konsa: –Mèt, nou konnin sé Bondié ki voyé ou moutré nou tout bagay sa yo. Paské, pésonn pa ka fè tout mirak ouap fè yo si Bondié pa avèk li. Jézi réponn li: – Sa map di ou la-a, sé vré oui: Pésonn pa kapab ouè Péyi koté Bondié Roua-a si li pa fèt you dézièm foua. Nikodèm di li: –Ki jan you nonm ki fi-n granmoun ka fèt you dézièm foua? Li pa ka tounin nan vant manman-l, pou-l fèt you lòt foua ankò. Jézi réponn li: –Sa map di ou la-a, sé vré oui: Pésonn pa ka antré nan Péyi koté Bondié Roua-a si li pa fèt nan dlo ak nan Sintéspri. Lachè soti nan lachè, léspri soti nan Léspri Bondié.


(Jan 3.1-6)

\*\*\*\*\*

Había un hombre de los fariseos que se llamaba Nicodemo, un principal entre los judíos. Este vino a Jesús de noche, y le dijo: Rabí, sabemos que has venido de Dios como maestro; porque nadie puede hacer estas señales que tú haces, si no está Dios con él. Respondió Jesús y le dijo: De cierto, de cierto te digo, que el que no naciere de nuevo, no puede ver el reino de Dios. Nicodemo le dijo: ¿Cómo puede un hombre nacer siendo viejo? ¿Puede acaso entrar por segunda vez en el vientre de su madre, y nacer? Respondió Jesús: De cierto, de cierto te digo, que el que no naciere de agua y del Espíritu, no puede entrar en el reino de Dios. Lo que es nacido de la carne, carne es; y lo que es nacido del Espíritu, espíritu es.

(Juan 3:1-6)





Apré sa, Jézi alé nan you lavil yo rélé Nayin. Disip li yo tap fè rout avè-l ansanm ak you gro foul moun. Li rivé bò pòtay lavil la. Lè sa-a yo tap poté you mò al antéré: sé té sèl pitit gason you madanm vèv. Té gin anpil moun lavil la avèk li. Lè Jézi ouè vèv la, kè-l fè-l mal pou li, li di li: – Pa kriyé, tandé! Apré sa li proché, li mangnin sèkèy la. Moun ki tap poté-l yo rét kanpé. Li di: – Jinnonm, sé mouin minm kap palé avè ou. Lévé. Epi mò-a lévé chita, li konmansé palé. Jézi rinmèt li bay manman li. Tout moun yo té pè, yo tap fè louanj Bondié, yo tap di: – You gro profèt parèt nan mitan nou! Yo tap di tou: – Bondié vi-n sové pèp li-a. (Lik 7.11-16)

\*\*\*\*\*

Aconteció después, que él iba a la ciudad que se llama Naín, e iban con él muchos de sus discípulos, y una gran multitud. Cuando llegó cerca de la puerta de la ciudad, he aquí que llevaban a enterrar a un difunto, hijo único de su madre, la cual era viuda; y había con ella mucha gente de la ciudad. Y cuando el Señor la vio, se compadeció de ella, y le dijo: No llores. Y acercándose, tocó el féretro; y los que lo llevaban se detuvieron. Y dijo: Joven, a ti te digo, levántate. Entonces se incorporó el que había muerto, y comenzó a hablar. Y lo dio a su madre. Y todos tuvieron miedo, y glorificaban a Dios, diciendo: Un gran profeta se ha levantado entre nosotros; y: Dios ha visitado a su pueblo. (Lucas 7:11-16)



Jézi gadé, li ouè you gro foul moun ki tap vi-n jouinn li. Li rélé Filip, li di-l konsa: – Ki bò nou ta ka jouinn manjé pou-n achté pou-n bay moun sa yo manjé? (Li tap di sa pou-l té ouè sa Filip tapral réponn li; li minm li té byin konnin sa-l tapral fè.) Filip réponn li: – Minm si nou ta gin désan (200) goud pou achté pin, pa ta gin asé pou chak moun ta jouinn ti kal. You lòt nan disip yo, André, frè Simon Piè-a, di li: – Gin you ti gason la-a ki gin sink pin fèt ak farinn lòj, ak dé ti pouason. Min, sa pa angnin pou tout kantité moun sa yo. Lè sa-a, Jézi di yo: –Fè moun yo chita. (Té gin anpil zèb bò la.) Moun yo chita, té gin sinkmil (5.000) gason konsa. Jézi pran pin yo; lè li fi-n di Bondié mèsi pou yo, li bay tout moun ki té chita yo. Li fè minm jan an tou ak pouason yo. Yo tout té jouinn kantité yo té vlé. Lè tout fi-n manjé vant plin, Jézi di disip li yo: – Ranmasé tout ti moso ki rété yo. Pa kité angnin gaspiyé. Yo ranmasé tout moso ki té rété nan sink pin moun yo té manjé yo. Yo plin douz pangnin poté alé. Lè moun yo ouè mirak Jézi té fè-a, yo di konsa: – Sé vré oui, nonm sa-a sé profèt ki té gin pou vini sou latè-a. (Jan 6.5-14)

\*\*\*\*\*

Cuando alzó Jesús los ojos, y vio que había venido a él gran multitud, dijo a Felipe: ¿De dónde compraremos pan para que coman éstos? Pero esto decía para probarle; porque él sabía lo que había de hacer. Felipe le respondió: Doscientos denarios de pan no bastarían para que cada uno de ellos tomase un poco. Uno de sus discípulos, Andrés, hermano de Simón Pedro, le dijo: Aquí está un muchacho, que tiene cinco panes de cebada y dos pececillos; mas ¿qué es esto para tantos? Entonces Jesús dijo: Haced recostar la gente. Y había mucha hierba en aquel lugar; y se recostaron como en número de cinco mil varones. Y tomó Jesús aquellos panes, y habiendo dado gracias, los repartió entre los discípulos, y los discípulos entre los que estaban recostados; asimismo de los peces, cuanto querían. Y cuando se hubieron saciado, dijo a sus discípulos: Recoged los pedazos que sobraron, para que no se pierda nada. Recogieron, pues, y llenaron doce cestas de pedazos, que de los cinco panes de cebada sobraron a los que habían comido. Aquellos hombres entonces, viendo la señal que Jesús había hecho, dijeron: Este verdaderamente es el profeta que había de venir al mundo. (Juan 6:5-14)



Lè solèy fi-n kouché, disp li yo désann bò lanmè-a. Yo mouté nan you kannòt, yo pran travèsé lanmè-a nan diréksion Kapènaròm. Té fi-n fè nouit nèt, min Jézi pat ankò vi-n jouinn yo. Dlo lanmè-a té mové paské van an té fò. Yo té gin tan najé zaviron sink a sis kilomèt konsa déja, lè yo ouè Jézi ki tap vi-n bò kannòt la. Li tap maché sou dlo-a. Yo tout té pè. Min, Jézi di yo: – Sé mouin minm. Nou pa bézouin pè. Yo té vlé pran-l nan kannòt la, min laminm yo fè tè: yo té gin tan rivé koté yo tapralé-a. (Jan 6.16-21)

\*\*\*\*\*

Al anochecer, descendieron sus discípulos al mar, y entrando en una barca, iban cruzando el mar hacia Capernaum. Estaba ya oscuro, y Jesús no había venido a ellos. Y se levantaba el mar con un gran viento que soplaba. Cuando habían remado como veinticinco o treinta estadios, vieron a Jesús que andaba sobre el mar y se acercaba a la barca; y tuvieron miedo. Mas él les dijo: Yo soy; no temáis. Ellos entonces con gusto le recibieron en la barca, la cual llegó en seguida a la tierra adonde iban. (Juan 6:16-21)



Yo té minnin kèk timoun bay Jézi pou-l té mété min sou tèt yo. Min disip yo tap di moun yo pa fè sa. Lè Jézi ouè sa, li pat kontan minm. Li di disip yo: – Kité timoun yo vi-n jouinn mouin non. Pa anpéché yo vini, paské Péyi koté Bondié Roua-a, sé pou tout moun ki tankou timoun sa yo. Sa map di nou la-a, sé vré oui: Si you moun pa asépté otorité Bondié-a tankou you timoun, li pap janm ka mété pié-l nan Péyi koté Bondié Roua-a. Apré sa, li pran timoun yo nan bra-l, li mété min-l sou tèt yo chak, li béni yo. (Mak 10.13-16)

\*\*\*\*\*

Y le presentaban niños para que los tocara; y los discípulos reprendían a los que los presentaban. Viéndolo Jesús, se indignó, y les dijo: Dejad a los niños venir a mí, y no se lo impidáis; porque de los tales es el reino de Dios. De cierto os digo, que el que no reciba el reino de Dios como un niño, no entrará en él. Y tomándolos en los brazos, poniendo las manos sobre ellos, los bendecía. (Marcos 10:13-16)




Sé mouin minm ki bon gadò mouton yo. Bon gadò-a ap bay lavi-l pou mouton-l yo.  
(Jan 10.11)

Mouton-m yo kouté voua-m, mouin konnin yo épi yo souiv mouin. Mouin ba yo lavi ki pap janm fini an. Yo pap janm péri, pésonn pap janmn ka raché yo nan min mouin.  
(Jan 10.27-28)

\*\*\*\*\*

Yo soy el buen pastor, el buen pastor su vida da por las ovejas. (Juan 10:11)  
Mis ovejas oyen mi voz, y yo las conozco, y me siguen, y yo les doy vida eterna; y no perecerán jamás, ni nadie las arrebatará de mi mano. (Juan 10:27-28)



Farizyin yo minm ansanm ak chèf prèt yo réyini Gran Konsèy la. Yo mandé: – Kisa nap fè? Nonm sa-a ap fè anpil mirak. Si nou pa fè-l sispann, tout moun pral kouè nan li. Talè konsa, otorité romin yo va antré nan kozé-a, ya détoui ni tanp nou an ni péyi nou an. Té gin youn ladan yo ki té rélé Kayif. Sé li minm ki té granprèt pou lanné-a. Li di yo: – Gin lè nou pa konprann angnin! Nou pa ouè li pi bon pou nou si you sèl moun mouri pou pèp la. Konsa tout péyi-a va sovè. (Kayif pa té di sa konsa non. Min, li té granprèt pou lanné-a, konsa li tap fè konnin davans ki jan Jézi té doué mouri pou tout jouif ki nan péyi-a. Epi, pa sèlman pou jouif yo, min tou pou-l té sanblé tout pitit Bondié ki gayé yo nan you sèl kò.) Sé dépi jou sa-a otorité jouif yo pran désizyon pou yo touyé Jézi. (Jan 11:47-53)

\* \* \* \* \*


Entonces los principales sacerdotes y los fariseos reunieron el concilio, y dijeron: ¿Qué haremos? Porque este hombre hace muchas señales. Si le dejamos así, todos creerán en él; y vendrán los romanos, y destruirán nuestro lugar santo y nuestra nación. Entonces Caifás, uno de ellos, sumo sacerdote aquel año, les dijo: Vosotros no sabéis nada; ni pensáis que nos conviene que un hombre muera por el pueblo, y no que toda la nación perezca. Esto no lo dijo por sí mismo, sino que como era el sumo sacerdote aquel año, profetizó que Jesús había de morir por la nación; y no solamente por la nación, sino también para congregar en uno a los hijos de Dios que estaban dispersos. Así que, desde aquel día acordaron matarle. (Juan 11:47-53)



Lè solèy fi-n kouché, Jézi chita bò tab la ak douz disip li yo. Antan yo tap manjé, Jézi di yo: – Sa map di nou la-a, sé vré oui; youn nan nou pral trayi mouin. Sa té fè disip yo lapinn anpil. Youn apré lòt yo pran mandé li: – Eské sé mouin minm, Mèt? Li réponn yo: – Moun ki tranpé pin-l ansanm avè-m nan plat la, sé li minm ki pral trayi mouin. (Matié 26.20-23)

\*\*\*\*\*

Quando llegó la noche, se sentó a la mesa con los doce. Y mientras comían, dijo: De cierto os digo, que uno de vosotros me va a entregar. Y entristecidos en gran manera, comenzó cada uno de ellos a decirle: ¿Soy yo, Señor? Entonces él respondiendo, dijo: El que mete la mano conmigo en el plato, ése me va a entregar. (Mateo 26:20-23)




Yo minnin dé lòt moun, dé kriminèl pou yo touyé ansanm ak Jézi. Lè yo rivé koté yo rélé Zo boua Tèt la, yo klouré Jézi sou koua-a. Yo klouré dé kriminèl yo sou dé lòt koua, youn chak bò li. Youn nan kriminèl yo té klouré sou kloua yo tap jouré li. Li tap di li: – Sé pa ou ki Kris la? Sové tèt ou non, épi sové nou ansanm avè ou tou. Min lòt la réprann li, li di li: – Gin lè ou pa pè Bondié, ou minm ki anba minm kondannasion avèk li-a? Pou nou minm sé jistis, paské nou résévoua sa nou mérité pou krim nou fè. Min li minm, li pa fè angnin. Epi li di Jézi: – Chonjé-m oui lè oua vi-n pran gouvènman an nan min ou! Jézi réponn li: – Sa map di ou la, sé vré oui: Jòdi-a ou pral avè-m nan paradi. (Lik 23:32-33 & 39-43)

\*\*\*\*\*

Llevaban también con él a otros dos, que eran malhechores, para ser muertos. Y cuando llegaron al lugar llamado de la Calavera, le crucificaron allí, y a los malhechores, uno a la derecha y otro a la izquierda. Y uno de los malhechores que estaban colgados le injuriaba, diciendo: Si tú eres el Cristo, sálvate a ti mismo y a nosotros. Respondiendo el otro, le reprendió, diciendo: ¿Ni aun temes tú a Dios, estando en la misma condenación? Nosotros, a la verdad, justamente padecemos, porque recibimos lo que merecieron nuestros hechos; mas éste ningún mal hizo. Y dijo a Jesús: Acuérdate de mí cuando vengas en tu reino. Entonces Jesús le dijo: De cierto te digo que hoy estarás conmigo en el paraíso.

(Lucas 23:32-33 & 39-43)







Li té midi konsa lè solèy la sispann kléré sou tout péyi-a jouk vè touazè nan aprè-midi. Rido ki té nan tanp lan chiré fè dé moso. Jézi rélé byin fò, li di: – Papa, m-ap rimmèt léspri mouin nan min ou. Apré-l fi-n di paròl sa yo, li mouri. Lè kaptinn lamé-a ouè sa-k té rivé, li fè louanj Bondié, épi li di: – Sé vré oui. Nonm sa-a té inonsan. (Lik 23.44-47)

\*\*\*\*\*


Cuando era como la hora sexta, hubo tinieblas sobre toda la tierra hasta la hora novena. Y el sol se oscureció, y el velo del templo se rasgó por la mitad. Entonces, Jesús, clamando a gran voz, dijo: Padre, en tus manos encomiendo mi espíritu. Y habiendo dicho esto, expiró. Cuando el centurión vio lo que había acontecido, dio gloria a Dios, diciendo: Verdaderamente este hombre era justo. (Lucas 23:44-47)



Lè solèy fi-n kouché, you nonm rich, moun lavil Arimaté, vi-n rivé. Yo té rélé-l Jozèf. Li minm tou li té you disip Jézi. L-al jouinn Pilat, li mandé-l kò Jézi-a. Pilat bay lòd pou yo rinmèt li kò-a. Jozèf pran kò-a, li vlopé-l nan yo bèl dra blan tou nèf. Apré sa, li mété kò-a nan you kavo li té fèk fè foyé nan ròch la pou tèt pa-l. Apré sa, li roulé you gro ròch dévan bouch kavo-a. Epi l-al fè rout li. Mari, moun lavil Magdala-a, ansanm ak lòt Mari-a té chita la, anfas kavo-a. (Matié 27:57-61)

\*\*\*\*\*

Cuando llegó la noche, vino un hombre rico de Arimatea, llamado José, que también había sido discípulo de Jesús. Este fue a Pilato y pidió el cuerpo de Jesús. Entonces Pilato mandó que se le diese el cuerpo. Y tomando José el cuerpo, lo envolvió en una sábana limpia, y lo puso en su sepulcro nuevo, que había labrado en la peña; y después de hacer rodar una gran piedra a la entrada del sepulcro, se fue. Y estaban allí María Magdalena, y la otra María, sentadas delante del sepulcro. (Mateo 27:57-61)





Nan dimanch matin, byin bonè, médam yo alé nan kavo-a. Yo té poté louil santi bon yo té paré pou bingnin kò-a. Yo jouinn ròch ki té fèmin kavo-a té roulé byin louin soti dévan bouch kavo-a. Yo antré, min yo pa jouinn kò Sègnè Jézi. Yo té la konsa, yo pat konn sa pou yo té fè lè dé moun parèt dévan yo ak rad yo byin kléré. Médam yo té pè anpil. Yo bésé tèt yo atè; min dé moun yo di yo konsa: – Poukisa nap chaché moun vivan an nan mitan mò yo? (Li pa isit; li lévé soti vivan nan lanmò.) Chonjé sa-l té di nou lè-l té Galilé-a: Moun Bondié voyé nan lachè-a gin pou tonbé anba min péchè yo; yo gin pou yo klouré-l sou you koua. Min, sou toua jou lap lévé soti vivan ankò. Yo vi-n chonjé paròl Jézi té di yo.

(Lik 24.1-8)

\*\*\*\*\*

El primer día de la semana, muy de mañana, vinieron al sepulcro, trayendo las especias aromáticas que habían preparado, y algunas otras mujeres con ellas. Y hallaron removida la piedra del sepulcro; y entrando, no hallaron el cuerpo del Señor Jesús. Aconteció que estando ellas perplejas por esto, he aquí se pararon junto a ellas dos varones con vestiduras resplandecientes; y como tuvieron temor, y bajaron el rostro a tierra, les dijeron: ¿Por qué buscáis entre los muertos al que vive? No está aquí, sino que ha resucitado. Acordaos de lo que os hablé, cuando aún estaba en Galilea, diciendo: Es necesario que el Hijo del Hombre sea entregado en manos de hombres pecadores, y que sea crucificado, y resucite al tercer día. Entonces ellas se acordaron de sus palabras ...


(Lucas 24:1-8)



Latou, yo lèvé, yo tounin Jérizalèm. Lè yo rivé, yo jouinn onz disip yo réyini ak zanmi yo. Yo tout yo tap di: – Sé vré oui, Ségnè-a lèvé vivan. Simon ouè li. Lè sa-a, dé disip yo pran rakonté sa-k té rivé yo sou rout la, ki jan yo té rékonèt li lè-l té kasé pin an. Pandan yo tap palé konsa, Jézi li minm vi-n kanpé nan mitan yo, li di yo: – Bénédiksion Bondié sou nou tout. Yo té pè, yo pran tranblé: yo té kouè sé you révénan. Min, Jézi di yo: – Poukisa nou pè konsa? Pouki tout lidé sa yo nan tèt nou? Gadé min-m ak pié-m yo. Sé mouin minm oui. Nou mèt mangin-m. Gadé-m byin: you révénan pa gin viann ak zo jan nou ouè-m gingnin an. Antan li tap di yo sa, li moutré yo min-l ak pié-l yo. (Lik 24.33-40)

\*\*\*\*\*

Y levantándose en la misma hora, volvieron a Jerusalén, y hallaron a los once reunidos, y a los que estaban con ellos, que decían: Ha resucitado el Señor verdaderamente, y ha aparecido a Simón. Entonces ellos contaban las cosas que les habían acontecido en el camino, y cómo le habían reconocido al partir el pan. Mientras ellos aún hablaban de estas cosas, Jesús se puso en medio de ellos, y les dijo: Paz a vosotros. Entonces, espantados y atemorizados, pensaban que veían espíritu. Pero él les dijo: ¿Por qué estáis turbados, y vienen a vuestro corazón estos pensamientos? Mirad mis manos y mis pies, que yo mismo soy; palpad, y ved; porque un espíritu no tiene carne ni huesos, como veis que yo tengo. Y diciendo esto, les mostró las manos y los pies. (Lucas 24:33-40)



Li di yo: – Min sa ki té ékri: Kris la gin pou-l souffri jouk li mouri, min sou toua jou li gin pou-l soti vivan nan lanmò. Ya pran non-l pou yo maché fè konnin mèsaj la nan tout péyi, konmansé lavil Jérizalèm, pou mandé tout moun pou yo tounin vi-n jouinn Bondié pou yo ka résévoua padon péché yo. Nou témouin tout bagay sa yo. (Lik 24.46-48)

Apré sa, li minnin yo an déyò lavil la, bò Bétani, épi li lèvé min li pou-l béni yo. Antan lap béni yo konsa, li séparé ak yo, li mouté nan sièl la. (Lik 24.50-51)

\*\*\*\*\*

...y les dijo: Así está escrito, y así fue necesario que el Cristo padeciese, y resucitase de los muertos al tercer día; y que se predicase en su nombre el arrepentimiento y el perdón de pecados en todas las naciones, comenzando desde Jerusalén. Y vosotros sois testigos de estas cosas.

(Lucas 24:46-48)

Y los sacó fuera hasta Betania, y alzando sus manos, los bendijo. Y aconteció que bendiciéndolos, se separó de ellos, y fue llevado arriba al cielo.

(Lucas 24:50-51)

Paské, Bondié sitèlman rinmin lèzòm li bay sèl Pitit li-a pou yo. Tout moun ki va mété konfians yo nan li pap pédi lavi yo. Okontrè ya gin lavi ki pap janm fini an. Bondié pa voyé Pitit li-a sou latè pou kondannin lèzòm, min pito pou-l té kapab délivré yo. Moun ki mété konfians yo nan Pitit Bondié-a pap kondannin. Min, moun ki pa kouè nan li, yo déjà kondannin, paské yo pat gin konfians nan sèl Pitit Bondié-a. (Jan 3.16-18)

Porque de tal manera amó Dios al mundo, que ha dado a su Hijo unigénito, para que todo aquel que en él cree, no se pierda, mas tenga vida eterna. Porque no envió Dios a su Hijo al mundo para condenar al mundo, sino para que el mundo sea salvo por él. El que en él cree, no es condenado; pero el que no cree, ya ha sido condenado, porque no ha creído en el nombre del unigénito Hijo de Dios. (Juan 3:16-18)

---

Si nou di nou pa gin péché, sé tèt nou nap tronpé. Vérité-a pa nan nou. Min, si nou rékonèt dévan Bondié nou fè péché, nou mèt gin konfians nan li. Paské lap fè sa-k gin pou fèt la: la padonnin tout péché nou yo, la nètouayé nou anba tou sa ki mal. (1 Jan 1.8-9)

Si decimos que no tenemos pecado, nos engañamos a nosotros mismos, y la verdad no está en nosotros. Si confesamos nuestros pecados, él es fiel y justo para perdonar nuestros pecados, y limpiarnos de toda maldad. (I Juan 1:8-9)

---

Jézi réponn li: – Sé mouin minm ki chémin an. Sé mouin minm ki vérité-a, sé mouin minm ki lavi-a. Pésonn pa ka al jouinn Papa-a si li pa passé nan mouin. (Jan 14.6)

Jesús le dijo: Yo soy el camino, y la verdad, y la vida; nadie viene al Padre, sino por mí. (Juan 14:6)

---

Vini jouinn mouin, nou tout ki bouké, nou tout ki anba chay, ma soulajé nou. Pran jouk mouin, mété-l sou zépòl nou. Pran léson nan min mouin. Paské mouin dou, mouin toujou soumèt mouin tout bon dévan Bondié. Konsa, na viv ak kè pozé. Paské, jouk map ban nou an fasil pou poté, chay map ban nou an pa lou. (Matié 11.28-30)

Venid a mí todos los que estáis trabajados y cargados, y yo os haré descansar. Llevad mi yugo sobre vosotros, y aprended de mí, que soy manso y humilde de corazón; y hallaréis descanso para vuestras almas; porque mi yugo es fácil, y ligera mi carga. (Mateo 11:28-30)

---

Jézi té fè anpil lòt mirak ankò dévan disip li yo, min nou pa rapòté yo nan liv sa-a. Tou sa ki ékri nan Liv sa-a, mouin ékri yo pou nou ka kouè Jézi sé Kris la, Pitit Bondié, pou lè nou kouè-a nou ka gin lavi nan li. (Jan 20.30-31)

Hizo además Jesús muchas otras señales en presencia de sus discípulos, las cuales no están escritas en este libro. Pero éstas se han escrito para que creáis que Jesús es el Cristo, el Hijo de Dios, y para que creyendo, tengáis vida en su nombre. (Juan 20:30-31)

---

Sé mouin minm ki A ak Z, sé mouin minm ki prémié ak dènié, sé mouin minm ki konmansman ak finisman. (Révélation 22.13)

Yo soy el Alfa y la Omega, el principio y el fin, el primero y el último. (Apocalipsis 22:13)

**AΩ**



Eske priyè-sa jwenn dezi kè ou? Si ou jwenn sa, fè priyè sa e Kris pral vini nan lavi ou jan li te pwomèt:

*Seyè Jezi, mwen rekonèt mwen fè peche e mwen bezwen ou nan lavi mwen. M'ap di ou mèsì paseke ou te mouri sou kwa-a pou retire peche mwen yo. Mwen di ou mèsì pou padon ou ban mwen e pou kado lavi ki pap janm fini an. M'ap envite ou pou ou rantrè nan lavi mwen tankou Seyè e Sovè mwen. Men lavi mwen nan men ou.*

Non \_\_\_\_\_ Dat \_\_\_\_\_

\*\*\*\*\*

¿Expresa la siguiente oración el deseo de su corazón? Si es así, ore esta oración, y Cristo vendrá a su vida como El prometió.

*"Señor Jesucristo, yo se que soy un pecador, y te necesito en mi vida. Yo te doy gracias por haber muerto en la cruz por mis pecados. Gracias por haberme perdonado mis pecados y darme vida eterna. Yo te invito a mi vida como Señor y Salvador. Por favor toma control de mi vida."*

Nombre \_\_\_\_\_ La Fecha \_\_\_\_\_

Si has orado esta oración, consigue una Biblia y leela regularmente. Participa en una iglesia, y cuenta a alguien de tu decisión.

Ilustrado por: Linda Riddell  
Moun ki desinen pòtre yo: Linda Riddell

[www.goodnewscoloringbook.org](http://www.goodnewscoloringbook.org)

Creole/Spanish

